

WE ARE YOUR DOL



Divizyon Developman Opòtinite Egal

Depatman Travay Eta Nouyòk Pwosedi Plent konfòmeman ak Lwa pou Ameriken ki gen Andikap

Yo mete Pwosedi Plent sa a sou pyei pou reponn avèk egzijans Lwa 1990 ("ADA") pou Ameriken ki gen Andikap. Nenpòt moun ki swete depoze yon plent ka itilize l pou fè yon plent konsènan diskriminasyon li panse l sibi poutèt andikap li nan sèvis, nan aktivite, pwogram oswa benefis ke Ministè Travay Eta Nouyòk ap bay. Plent ki gen rapò avèk diskriminasyon akoz andikap moun nan sibi nan travay kouvir lòt kote, nan règleman Divizyon Developman Opòtinite Egal NNYSDOL.

Plent lan dwe fèt alekri epi li dwe gen enfòmasyon sou akizasyon diskriminasyon an tankou non, adrès, nimewo telefòn, moun k ap pote plent lan ak lokal, dat ak deskripsyon pwoblèm nan. Pa gen lòt fòma patikilye plent ankò ki nesesè. Lòt mwayen pou depoze plent, tankou entèvyou pèsonèl oswa yon anrejistreman plent lan ap disponib sou demann pou moun ki gen andikap.

Se moun ki viktим nan ki dwe pote plent ak/oswa moun li chwazi pi vit posib men pa pi ta pase 60 jou aprè dat li panse l te viktим nan nan:

Director
NYS Department of Labor Division of Equal Opportunity Development
State Campus, Building 12, Rm. 540
Albany, NY 12226

Nan 15 jou aprè nou fin resevwa plent lan, Kowòdonatè ADA oswa moun ki chwazi yo a pral rankontre avèk moun k ap pote plent lan pou pale konsènan plent lan ak solisyon posib. Nan 15 jou aprè rankont lan, Kowòdonatè ADA oswa moun yo chwazi a pral reponn pa ekri, epi kote ki nesesè, nan yon fòma ki aksesib pou moun k ap pote plent lan, tankou ekri lèt yo gwo, Bray, oswa anrejistreman odyo. Repons lan pral eksplike pozisyon Ministè Travay Eta Nouyòk epi ofri opsyon pou rezolisyon solid plent lan.

Si repons Kowòdonatè ADA a oswa moun yo chwazi a pa rezoud pwoblèm nan yon fason ki bay satisfaksyon, moun k ap pote plent lan ak/oswa moun li chwazi a ka konteste desizyon an nan 15 jou aprè yo fin resevwa repons responsab ajans lan oswa moun yo chazi a.

Nan 15 jou aprè yo fin resevwa apèl la, responsab ajans lan oswa moun yo chwazi pral reponn alekri, epi kote li nesesè, nan yon fòma ki aksesib pou moun k ap pote plent lan, k ap gen rezolisyon final ajans lan konsènan plent lan, oswa k ap montre pwoblèm lan retounen al jwenn Kowòdonatè ADA a pou plis aksyon. Si gen plis aksyon ki plis bagay ki gen pou fèt, yo pral kontakte moun ki pote plent lan nan 15 jou apati de repons ekri a.

Tout plent ekri nou resevwa nan men Kowòdonatè ADA a oswa moun yo chwazi a, apèl ki fèt ak reponsab ajans lan oswa moun yo chwazi a ak repons biwo sa yo pral rete nan Ministè Travay Eta Nouyòk pandan omwen twazan.